# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ MINISTRLER KEŃESINIŃ QARARÍ




**Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında qırǵawıllardı**

**qorǵaw hám bas sanın kóbeytiw is-ilajları haqqında**

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ MINISTRLER KEŃESINIŃ QARARÍ**

Ózbekstan Respublikası "Haywanat dúnyasın qorǵaw hám onnan paydalanıw haqqında"ǵı ÓRN-408-sanlı Nızamınıń 47-statyasınıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde Qaraqalpaqstan Respublikası Ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw komitetiniń 2021-jıl 15-oktyabrdegi 01-02/18-12-2228-sanlı usınıs xatın inabatqa alıp, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi

**QARAR ETEDI:**

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw komitetiniń 2021-jıl 15-oktyabrdegi 01-02/18-12-2228-sanlı usınıs xatı inabatqa alınsın.

2. Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında 2022-2023-jıllarda qırǵawıllardı awlaw qadaǵan etilsin.

3. Qaraqalpaqstan Respublikası Ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw komiteti (A.Saparov), Ishki isler ministrligi (A.Temirxanov) menen birgelikte qırǵawıllardı nızamsız túrde awlawǵa jol qoymaw jumısların kúsheytiw; qırǵawıllardı nızamsız túrde awlawǵa jol qoyǵan shaxslarǵa ámeldegi nızamlar tiykarında hám belgilengen tártipte tiyisli ilajlar kóriw tapsırılsın.

4. Mámleketlik salıq basqarması (X.Bekchanov), Ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw komiteti (A.Saparov), Sanitariya-epidemiologiyalıq tınıshlıq hám jámiyet salamatlıǵı basqarması (B.Qutlımuratov) rayon hákimleri menen birgelikte qırǵawıllardı nızamsız túrde awlap, bazarlarda satılıwın qadaǵan etiw boyınsha ayqın is-ilajlar islep

shıǵıw tapsırılsın.

5. Qaraqalpaqstan Respublikası Toǵay xojalıǵı komiteti (A.Aminov), Qaraqalpaqstan Respublikası Ańshılar hám balıqshılar jámiyeti (N.Sharipov) qırǵawıllardı qorǵaw boyınsha vedomostvolıq qadaǵalaw hám olardıń jasaw shárayatın jaqsılaw jumısların alıp barsın.

6. Ózbekstan Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi (N.Aimbetov) qırǵawıllardıń bas sanın anıqlaw maqsetinde tiyisli uyımlar menen birgelikte jıllıq esabın júrgiziw hám biologiyalıq ilim-izertlew jumısların shólkemlestiriw; qırǵawıllardıń bas sanı boyınsha hár sherek juwmaǵı menen Ministrler Keńesine maǵlıwmat berip barıw tapsırılsın.

7. Qaraqalpaqstan teleradiokompaniyası (N.Jaksımuratova), Málimleme hám kommunikaciyalar basqarması (A.Bekmuratov) qırǵawıllardı qorǵaw hám bas sanın kóbeytiw boyınsha ǵalaba xabar quralları arqalı keń kólemli úgit-násiyat jumısların alıp barıw usınıs etilsin.

8. Bul qarar «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında hám Ministrler Keńesiniń rásmiy veb-saytında járiyalansın.

9. Bul qarar rásmiy járiyalanǵan kúnnen baslap kúshke kiredi.

10. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2019-jıl 16-yanvar kúngi “Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında qırǵawıllardı qorǵaw hám bas sanın kóbeytiw is-ilajları haqqında”ǵı 14-sanlı qararı óz kúshin joǵaltsın.

11. Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalaw Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵınıń Ekologiya hám aral boyı aymaqların rawajlandırıw máseleleri boyınsha birinshi orınbasarı hám Ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw komiteti baslıǵı A.Saparovqa júklensin.

**Qaraqalpaqsatan Respublikasi**
**Ministrler Keńesiniń Baslıǵı**

**wazıypasın waqtınsha atqarıwshı N.Erlepesov**